

**LEKÒL PIBLIK
VIL ORANJ**



Gid Pou Paran/Elèv



Orange Public Schools

Ronald C. Lee, Sipèntandan

www.orange.k12.nj.us

Orange School District Code of Student Conduct

DEPATMAN EDIKASYON VIL ORANJ

Patricia A. Arthur

Prezidan

Jeffrey L. Wingfield

Vis-Prezidan

MANM

Abdul-Shabazz Ashanti

E. Lydell Carter

Marion Graves-Jackson

Cristina Mateo

MANM KABINÈ

SIPÈENTANDAN LEKÒL YO

Ronald C. Lee

ASISTAN SIPÈENTANDAN

Dr. Paula E. Howard

SEKRETÈ ADMINISTRATIF ASISTAN POU SIPÈENTANDAN AN

Belinda Scott-Smiley, Operasyon/Resous Imèn

ADMINISTRATÈ BIZNIS/SEKRETÈ KOMITE

Adekunle O. James

DIREKTÈ SÈVIS ESPESYAL

Shelly Harper

DIREKTÈ PWOGRAM ESPESYAL

Candace Goldstein

DIREKTÈ C&I, P.D. & EVALYASYON

Dr. Terri Russo

DIREKTÈ ELA Ak TÈS

Kathryn P. Carter

DIREKTÈ MAT, SYANS Ak HPE

Tina Powell

ADMINISTRATÈ POU ASISTAN SIPÈENTANDAN AN, Erica Stewart

SIPÈVIZÈ

Toni Bauknight
Jacqueline Blanton
Tia Burnett
Meng Li Chi Lui
Peter S. Crosta
Linda Epps
Holly Gamble
Saundra Gray
Erika Hackett

Adriana Hernandez
Malvina Kohn
Ross LeBrun
Caroline Onyesonwu
Fay Polefka
Vernon Pullins Jr.
Keisha Smith-Carrington
Germaine Tarver

Orange School District Code of Student Conduct

DIREKTÈ LEKÒL

**Cleveland Street School- Dr. Cayce Cummins
Forest Street School- Yancisca Cooke
Heywood Avenue School- Faith Alcantara
Lincoln Avenue School- Denise White
Oakwood Avenue School- Robert Pettit
Orange High School/C.I.A.O- Dr. Kalisha Morgan, Jason Belton
Orange Preparatory Academy- Vacancy
Park Avenue School-Dr. Myron Hackett
Rosa Parks Central Community School- Debra Joseph Charles
Scholars Academy – Karen Machuca**

MANM KOMITE:

**Jason Belton – Ko-Direktè, Orange High School/Career Innovation Academy Orange
Noel Cruz – Assist. Direktè, Orange Preparatory Academy
Dana Gains – Assist. Direktè, Orange High School
Shelly Harper – Direktè Sèvis Espesyal
Gerald Murphy –Assist. Direktè, Heywood Avenue School
Robert Pettit –Direktè, Oakwood Avenue School
Vernon Pullins – Sipèvizè Konseye Pedagojik
Denise White –Direktè, Lincoln Avenue School**

Vizyon

“Lekòl Piblik Distri Oranj pran angajman pou yo bay sekirite ak pran swen anvirònman kote nou espere ke chak elèv fè pwogè epi yo tout reyisi. Nou angaje nou pou nou prepare tout elèv yo nan bayo òpòtinite san patipri pou yo kapab pare pou kolèj ak karyè yo, founi yo aprantisaj k ap dire lontan ak sitwayen responsab nan yon kominate global.”

Objektif Prensipal Lekòl Piblik Oranj

- Lekòl Piblik Distri Oranj nan kolaborasyon avèk tout aksyonè li yo, yo responsab pou fè pwomosyon siksè akademik, sosyal, emosyonèl ak pèsònèl pou tout elèv yo.
- Avèk yon angajman akademik ekselan, Distri a founi pwofesè, fanmi, ak administratè yo, materyèl nesesè pou ke tout elèv kapab rive byen devlope potansyèl yo.
- Distri a sèvi tout elèv nou yo, rekonèt sa yo chak ka fè, pèspektiv kiltirè ak estil aprantisaj yo.
- Distri a rekonèt ke kiryozite, disiplin, entegrite, responsablite ak respè, yo nesesè pou siksè.
- Lekòl Distri Oranj kreye yon kominate elèv 21^{ième} syèk kote elèv yo pran responsablite pwochè aprantisaj yo anmen, rive jwenn nòm ofisyèl ekselan elve, epi konsantre sou nivo konesans avanse.

Pa gen Alibi, Pa gen Eksepsyón, Pa gen Ekskiz!

Orange School District Code of Student Conduct

TAB MATYÈ

Entwodiksyon	5
SEKSYON I – Dwa Elèv	6
SEKSYON II – Responsabilite	7
Administratè	7
Estaf/Manm Pèsonèl	8
Paran	9
Elèv	10
SEKSYON III – Entèvansyon & Sèvis Referans	11
SEKSYON IV – Karaktè Pwogram Ed.	15
SEKSYON V – Pwosedi Disiplinè	16
SEKSYON VI – Prezans	18
SEKSYON VII – Memorandòm Akò/ Pwosedি Ekitab	21
SEKSYON VIII – Enfraksyon Disiplinè ak Konsekans	22
SEKSYON VIII – Fòm Akò Ant Paran ak Elèv	27

Orange School District Code of Student Conduct

Entwodiksyon

Lekòl Distri Oranj pran angajman pou yo bay chak elèv opòtinite pou yo ale lekòl nan yon anvirònman sekirite ki pwomouwa aprantisaj pou tout timoun. Objektif Kòd Kondwit la se pou founi paramèt klè e presi pou kondwit ak displin elèv la. Bi li, se pou etabli yon atmosfè pou disiplin ki kreye sipò pou pwogrè pozitif pèsonèl ak bon jan reyalizasyon.

Tout elèv, estaf, ak paran nan distri a dwe konprann tout sa nou espere pou kondwit elèv yo pandan ane lekòl la, nan ale nan aktivite lekòl la patwone, oswa nan itilize sèvis bis ke distri a bay. Nou espere ke elèv konpòte yo an responsab, pou yo respekte sa lòt posede, epi pou yo travay ansam avèk tout manm kominate lekòl la. Konsa, lè yon elèv komèt yon enfraksyon, yo dwe pote koreksyon ak sa pou yo ka asire ke tout elèv yo jwenn maksimòm benefis nan edikasyon ke nou ofri a. Lekòl Distri Oranj devlope estrateji ki ekitab ak konsistan, tout sa, se pou pote koreksyon nan konpòtman ke nou pata swete pandan ke nou ap asire dwa tout moun.

Administratè Lekòl yo dwe asire yo ke Kòd Kondwit Elèv la distribye bay chak elèv ak fanmi yo nan kòmansman ane lekòl la, epi distribye 1 bay tout elèv k ap vini aprè ak fanmi yo pandan tout ane a. Direktè Lekòl/Administratè yo dwe li Kòd kondwit Elèv la ba yo pandan mwa Septanm lan.

Yo ta dwe revise Kòd Kondwit Elèv la ak sa yo swete pou kondwit elèv yo avèk paran yo. Yo ankouraje tout paran yo pou yo bay jaret a Kòd Kondwit la avèk timoun yo.

Administrasyon an dwe pran responsablite pou 1 kreye epi mentni yon anvirònman sekirite nan kolaborasyon avèk estaf, elèv, paran, epi kominate lekòl yo. Tout lekòl yo etabli pratik ak woutin ki ka anseye epi ranfòse kondwit apropriye elèv la nan lekòl la ak nan salklas yo. Kòd Kondwit Elèv la reprezante yon apwòch pevantif nan lide pou etabli yon anvirònman lekòl ki gen sekirite epi ankouraje elèv la discipline tèt li, konsa yo va minimize kesyon Entèvansyon kise voye elèv yo lakay yo lè yo vyole Règleman Disiplin lan.

Orange School District Code of Student Conduct

SEKSYON I – DWA ELÈV LA

Tout elèv ki nan Lekòl Distri Oranj lan gen dwa sa yo:

- Elèv yo gen dwa pou yo resevwa yon edikasyon ka va pèmèt yo genyen yon devlopman pèsònèl maksimòm epi prepare yo ka vin manm pwodiktif nan sosyete nou an.
- Elèv yo gen dwa pou yo patisipe nan tout aspè nan lekòl la kèlkeswa ras, sèks, koulè, kwayans, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, oswa yon moun andikape.
- Elèv yo gen dwa prezante enfòmasyon ak ekri deklarasyon ki baze sou aksyon disiplinè konfòmeman avèk pwosedi ki ale ansanm ak tan limit ki etabli pou chak enfraksyon espesifik. .
- Elèv yo gen dwa pou yon pwosedi ekitab nan sispansyon ak ekspilsyon.
- Elèv yo gen dwa a konfidansyalite nan kesyon pwòp dosye yo tankou jan lwa federal ak lwa eta a mande l la.
- Elèv yo gen dwa konstitisyonèl pou yo eksprime tèt yo sòf si ekspresyon sa a entèfere avèk pwosesis edikasyon an, nan koze yon menas imeda a byennèt sosyal lekòl la oswa nan kominate a, ankouraje aktivite ilegal, oswa entèfere avèk dwa yon lòt moun.
- Elèv yo gen dwa a yon anviwònman aprantisaj pozitif kote tout manm konfòme yo ak règleman lekòl yo. Elèv yo gen responsablite pou yo respekte tout manm pèsònèl la ak konfòme yo avèk Kòd Kondwit Elèv la.
- Elèv yo gen dwa pou yo patisipe nan aktivite extra yo andeyò orè lekòl la. Elèv yo gen responsablite pou yo konplete tout travay yo, rete nan bon kondisyon akademik, epi yo pare yo pou yo byen aprann lekòl.

Seksyon II – Responsablitè

RESPONSABLITÈ ADMINISTRATÈ LEKÒL LA SE POU:

- Mentni yon anvirònman lekòl ki sennesòf, ansekirite, epi nan lòd.
- Esplike Kòd Kondwit Elèv la ak pwosedi yo a tout manm pèsonèl yo pou yo ka ede elèv yo konprann epi aksepte règleman yo. Direktè lekòl la oswa Asistan Direktè lekòl la ta dwe diskite Kòd Kondwit Elèv la ak pwosedi yo nan yon asanble lekòl la fè avèk tout kò elèv yo prezan.
- Kontwole fòm ke paran yo dwe siyen e ke yo dwe retounen lekòl la, se sa ka va e konfime ke yo te resevwa l epi yo te li Kòd Kondwit Elèv la ak pwosedi yo.
- Asire paran ak elèv yo egzèse dwa yo kòmsadwa dapre yon pwosedi ekitab anvan yo aplike sispansyon ak ekspilsyon.
- Asire ke yo toujou aplike tout règleman nan sistem lan, lwa, ak prensip lekòl yo konsènan disiplin, dwòg, ak alkòl.
- Soumèt rapò ki fidèl bay otorite konsène yo sou vyolans, zak kraze brize/arasman, ak ensidan sou entimidasyon k ap pase nan lekòl yo.
- Bay manm pèsonèl yo sipò ki gen ladan yo estrateji modèl ki bay siksè ak estrateji efektif nan reyinyon manm pèsonèl yo.
- Etabli epi kontwole pwosedi k ap asire:
 - aksyon imeda rekòmande ak dokimante vyolasyon règleman disiplinè yo;
 - enfòme manm pèsonèl ki konsène yo alekri sou tout aksyon ki pran konsènan vyolasyon rekòmande yo; epi
 - mentni yon dosye sou aksyon disiplinè ak referans konsènan chak elèv.
 - Pran aksyon imeda anfavè nenpòt elèv ki bezwen èd nan evalyasyon, entèvansyon, sipòte asistans oswa aksyon disciplinè nesesè kont vyolasyon règleman sou alkòl ak dwòg
- Enfòme paran/Gadyen ak elèv yo lè aksyon discipline yo dwe aplike.
- Bay Direksyon an sipò nan fè referans ak ba yo konsey sou metòd referans ki apwopriye.
- Kominike espwa ke tout manm pèsonèl yo va pran responsablitè yo pou jwenn solisyon ak pwoblèm yo nan yon sipò administratif ki konstitif epi ki efektif.

Orange School District Code of Student Conduct

Seksyon II – Responsablitè

ESTAF/MANM PÈSONÈL:

Chak manm nan Lekòl Piblik Distri Oranj dwe toujou kominike yon fason ki klè Kòd Kondwit Elèv la ak tout prensip ak règleman lekòl yo. Nan jèfò pou ranfòse prensip ak règleman distri a ak lekòl yo, tout manm pèsònèl yo dwe respekte dwa elèv ak paran yo.

Tout manm pèsònèl yo dwe:

- Kapab patnè egal pou yo ka reyalize siksè aprantisaj la.
- Trete chak elèv avèk respè.
- Bay asistans nan kreye yon anviwònman lekòl ki pozitif ak pezib.
- Reponn a komunikasyon paran yo nan yon delè nòmal e nan yon fason ki apwopriye.
- Revize prensip ak règleman lekòl la ak salklas yo sou yon baz chak jou.
- Netralize kondwit ki pa konfòm atravè estrateji administrasyon yo.
- Anseye elèv yo kòman pou yo rezoud pwoblèm san yo pa itilize vyalans, nan fason pozitif atravè bon egzamp, jwe bonjan wòl ak pratik
- Devlope ak enplante pwosedi ak woutin pou ka asire ke anviwònman lekòl la ak salklas yo ap kondwi nan bon aprantisaj.
- Mentni yon konpòtman pwofesyonèl nan discipline elèv yo epi evite konfwontasyon vèbal ak fizik.

Seksyon II – Responsablitè

PARAN:

Lekòl Distri Oranj vle devlope epi mentni yon asosyasyon avèk paran yo pou asire ke tout elèv yo reyalize pwogrè akademik ak sosyal.

Chak paran ta dwe:

- Asire prezans ak ponktyalite pitit yo.
- Voye pitit yo lekòl byen prepare epi pare pou yo aprann.
- Bay elèv yo tan adekwa pou yo etidye ak fini devwa yo sou yon baz chak jou.
- Ankouraje yon atitud pozitif atravè aprantisaj.
- Revize Kòd Kondwit Elèv la epi diskite kontni an avèk timoun yo.
- Asire ke pitit ou a konfòme 1 ak prensip e règleman lekòl yo ak distri a.
- Asire respè pèsonèl lekòl la ak lòt elèv yo.
- Pran pa nan konferans ki gen rapò ak pwogrè akademik oswa kondwit timoun nan.
- Familyarizey yo avèk sèvis ki disponib pou elèv yo nan lekòl la, avèk asosye ak kominate ajennsi lekòl la k ap travay nan kolaborasyon avèk lekòl yo.
- Ankouraje patisipasyon nan aktivite ekstra/ andeyò apre lekòl.
- Voye timoun yo lekòl byen abiye daprè kòd abiman lekòl la.

Seksyon II – Responsablite

ELÈV:

Tout élèv yo dwe pran responsablite an aprè sa yo pou pwòp edikasyon yo:

- Ale lekòl la ak nan klas yo chak jou epi alè.
- Vini lekòl la avèk yon atitud pozitif epi devlope respè ak disiplin pou pwòp tèt yo.
- Vini prepare epi pare pou aprann ak konplete tout aktivite klas yo ansanm avèk tout lòt devwa ki dwe fêt lakay.
- Ede mentni yon klima pezib, an bòn sante, ki kapab fasilite aprantisaj.
- Respekte dwa pwofesè, élèv, administratè ak tout manm pèsonèl yo k ap patisipe nan pwosedi edikasyonèl ak operasyonèl yo.
- Konprann epi obeyi ak tout prensip e règleman yo pou ka asire yon kondwit pozitif lakay élèv la.
- Mande pwofesè, paran, ak jenn menm laj akou èd chakfwa ke w bezwen 1.
- Konfòme w a kòd abiman distri a.
- Ratrape aktivite chakfwa ke w absan lekòl.
- Pran responsablite aprantisaj, efò ak kondwit ou.
- Fè atansyon pou langaj ou pa ofanse pèsòn, ki baze sou ras, etnisite, sèks, oswa manm yon gwoup ki legalman pwoteje.

Orange School District Code of Student Conduct

Seksyon III – Komite Entèvansyon & Sèvis Referans (I&RS)

Jan kòd leta (N.J.A.C. 6A:16-8) fè obligasyon an, chak lekòl dwe etabli epi aplike yon sistèm kouwòdone nan limenm ya va sèvi elèv jeneral edikasyon, se pou yo kapab planifye ak antreprann entèvansyon ak sèvis referans yo, ke yo deziye pou ka bay elèv yo ki gen pwoblèm aprantisaj, kondwit oswa sante asistans epi asiste manm pèsonè tou nan adrese bezwen elèv yo nan zafè aprantisaj, Kondwit oswa sante.

Lekòl Piblik Distri Oranj te chwazi yon modèl tètansanm pou operasyon ki baze nan Ekip I & RS lekòl la. Entèvansyon ak Sèvis Referans y ap bay yo ede elèv yo nan pwogram edikasyon jeneral la nan idantifye pwoblèm espesifik elèv la nan devlope koperasyon epi aplike yon aksyon ki kapab adrese bezwen espesifik elèv la.

Tip elèv ki manifeste konpòtman riske pandan ke yo nan lekòl la enkli: manke konsantre oswa pa pa patispe nan aprantisaj la, devwa yo enkonplè, rezulta tès ki montre nivo konpetans oswa potansyèl yo trè ba, dekline oswa yo pa fè nòt pou pase, triche, absans, reta, dòmi nan klas, pa ka chita nan plas yo oswa konsantre sou travay yo pou yon titan, diminye nan patisipasyon, viktim nan sede sou presyon kanmarad yo, deteryorasyon nan aparans pèsonèl ak ikyèn, konpòtman iregilye, pèdi kontwòl, aji san sans, goumen, defye otorite, vyolasyon règleman yo ak abandone lekòl la. Sa yo ak lòt pwoblèm ankò mete elèv yo nan bonjan risk pou echèk yon nan lekòl la.

Bi yon entèvansyon ak Pwogram Sèvis Referans yo se:

- ❖ Idantifye pwoblèm aprantisaj, kondwit ak sante elèv yo.
- ❖ Kolekte enfòmasyon sou pwoblèm aprantisaj, kondwit ak sante ke yo deja idantifye.
- ❖ Devlope ak aplike plan aksyon yo pou lekòl appwopriye a oswa pou entèvansyon nan kominate a ak referans pou resous lekòl la ak kominate a.
- ❖ Travay avèk pwofesè yo epi ede yo pou yo ka reyalize rezulta ke yo desire yo.

Manm Komite I&RS :

- ❖ Direktè oswa Moun ki Chwazi a
- ❖ Pwofesè Edikasyon Jeneral
- ❖ Konseye Pedagojik
- ❖ Travayè Sosyal Lekòl
- ❖ Enfimyè Lekòl

Orange School District Code of Student Conduct

❖ Manm Ekip Timoun

Seksyon III A-Ekip Entèvansyon ak Referans nan Preskolè

Ekip entèvansyon ak Referans nan Lekòl Matènèl la (PIRT) se yon kote yo ede amplwaye lekòl matènèl nan distri a modifeye konpòtman difisil timoun yo (sa vle di fizik, sosyal, lang) ki bloke patisipasyon avèk siksè nan yon sal klas lekòl matènèl nan yon devlopman jeneral ak aplikasyon nan plan entèvansyon yo. Plan entèvansyon abòde divès kalite konpòtman (sa vle di yon timoun ki frape, yon timoun ki rete pou kont li nan kèk sitiyasyon, yon timoun ki pa gen okenn zanmi, yon timoun ki gen enkyetid separasyon, yon timoun ki bege, yon timoun ki pa pale).

- Ekip la gen ladan 2 espesyalis konpòtman, 1 travayè sosyal ak 1 patolojis pou langaj ak pawòl. Se administratè lekòl matènèl distri a ki sipèvize PIRT.

Sipò Konpòtman Pozitif Modèl Piramid la (Fox et al., 2005)

Sipò Konpòtman Pozitif Modèl Piramid la bay yon pwosedé pou ede konprann ak rezoud pwoblèm konpòtman timoun yo epi ofri yon apwòch pou devlope pou ede konpran ki rezon ki fè ke timoun angaje li nan konpòte tèt li mal, li bay estrateji pou prevni pwoblèm konpòtman anvan yo rive pandan ke y ap ansenye timoun nan nouvo konpetans. Li gen ladan 1 yon plan alekri pou pwofesè a ka adrese pwoblèm konpòtman ki varye ant agresyon, reyakson emosyonèl, ak destriksyon pwopriyete nan milye sosyal. Ou kapab jwenn resous PBS nan: <http://challengingbehavior.fmhi.usf.edu/>.

Responsabilite Ekip Entèvansyon ak Referans Lekòl Matènèl la:

- Sipòtè pwofesè salklas yo nan bay yo estrateji yo pou timoun ki montre difikilite nan salklas la jan sa endike atravè tout pwosesis tès depistaj oswa atravè obsèvasyon.
- Bay sipò ki gen ladan estrateji alekri pou amplwaye yo, modèl, devlopman pwofesyonèl ak konsiltasyon avèk manm pèsonèl yo, paran yo, administratè ak mèt pwofesè yo.
- Bay devlopman pwofesyonèl san rete ki baze sou Sipò pou Konpòtman Pozitif modèl piramid pou amplwaye distri yo (sa vle di administratè, asistan pwofesè, mèt pwofesè, pwofesè).
- Kowòdone byen bonè Depistaj/Envantè tès/egzamen yo - Tès/egzamen Revize (ESI-R).
- Fasilite tranzisyon nan tout dosye PIRT yo nan lòt pwogram (sa vle di klas matènèl, CST).
- Etabli yon pwotokòl asistans PIRT ki gen ladan yon fòm pou Demann Asistans (RFA).
- Depi yo fin resevwa RFA, se pou yo etabli epi jere yon dosye/ka pou chak timoun.
- Konsilte avèk pwofesyonèl nesesè kòm sa aplikab (sa vle di pwofesè salklas, mèt pwofesè, administratè, travayè sosyal, travayè fanmi, paran yo).

Orange School District Code of Student Conduct

- Kreye ak aplike yon plan entèvansyon PIRT pou chak timoun ke yo resevwa yon RFA.
- Konduit visit nan salklas, jan sa nesesè, aplike plan entèvansyon PIRT an . Vizit sa yo ka enkli obsèvasyon, bay fidbak konsènan timoun yo oswa sipò plan an, bay rekòmandasyon ak modèl estrateji.
- Modifye ak adapte plan entèvansyon PIRT jan sa nesesè pandan tout ane a.
- Evalye pwogrè elèv la, epi, si sa nesesè, voye yon rekòmandasyon alekri bay Ekip Etid Timoun lekòl distri a jan yo tabli 1 nan NJAC 6A: 14 an.

Tès/Egzamen

Règleman pwogram Lekòl Matènèl egzije ke administrasyon ki baze sou devlopman evalyasyon tès depistaj byen bonè pou timoun piti, tankou Depistaj/Anvantè Bonè -Revize (Meisels et al., 1997 la), pou chak timoun depi yo antre nan pwogram lekòl matènèl la. Yo pa ta dwe janm itilize enfòmasyon ki soti nan enstriman tès depistaj pou detèmine oswa refize plasman. Olye de sa, yo ta dwe itilize yo pou detèmine si yon timoun trouve l nan twa kategori tès/egzamen depistaj sa yo: 'refere', 'rekonpoze', 'ok'. Yo dwe fè paran yo konnen anvan ak apre yo fin fè tout tès yo te. Se enfòmasyon adisyonèl konsènan tès depistaj ki ke nou jwenn nan seksyon Kourikoulòm ak Evalyasyon ki nan dokiman sa a.

Referans bay Ekip Etid pou Timoun Piti

Lè yon premye tès endike ke yo ta dwe refere yon timoun, oswa yon paran, pwofesè, oswa manm PIRT gen yon enkyetid osijè de devlopman yon timoun ak sispek yon andikap potansyèl, etap sa yo yo ta dwe pran:

1. Soumèt yon demann alekri bay ekip etid ptit distri lekòl la pou yon evalyasyon ak edikasyon espesyal. Yo dwe fè demann lan alekri (referans) epi soumèt li bayofisyèl lekòl ki apwopriye a. Li kapab se direktè lekòl katye, direktè founisè lekòl matènèl la, direktè edikasyon espesyal, oswa kowòdonatè nan ekip etid timoun nan distri lekòl la.
2. Paran, pwofesè lekòl matènèl ak ekip k ap etidyé timoun (sikològ lekòl la, travayè sosyal lekòl, aprantisaj pwofesè-konsiltan pou andikap, patolojis pawòl ak lang) satisfè nan espas ven jou (eksepte jou konje nan lekòl) pou detèmine bezwen an pou evalyasyon.
3. Apre ke yo fin fè evalyasyon an ak yon detèminasyon sou elijiblite, yon Pwogram Edikasyon Endividiyèl (IEP) yo devlope pou timoun nan pa yon ekip IEP ki gen ladan yon paran, yon manm etid timoun, yon reprezantan distri lekòl la, yon responsab manadjè rejjonnal, ak pwofesè edikasyon jeneral la. Ekip la detèmine modifikasyon, entèvansyon, ak sèvis siplémentè ki nesesè pou sipòtè timoun nan.

Sèvis ki bay nan Anviwònma ki Gen Mwens Restriksyon

Anviwònman edikasyon jeneral lekòl matènèl la ak woutin ta dwe toujou dwe konsidere lè y ap detèmine objektif yo ak zòn ke yo bezwen pou yo dwe adres. Nan limit maksimòm ki apwopriye, timoun preskolè ki kalifye pou edikasyon espesyal yo pral enskri nan pwogram

Orange School District Code of Student Conduct

preskolè edikasyon jeneral la ak lòt timoun parey yo ki pa gen andikap. Nan ka ta gen dezakò, distri lekòl la gen yon obligasyon pou enfòme paran yo sou dwa pwosedi jis konsènan referans.

Yon pwofesè lekòl matènèl oswa yon administratè ki abitye ak pwogram preskolè lekòl distri a ta dwe disponib nan tout reyinyon lè y ap detèmine sèvis edikasyon espesyal ak plasman. Pwofesè yo ta dwe tou patisipe nan pwosesis planifikasyon.

Referans ki Soti nan Entèvansyon ki fèt Atan

Referans pandan tout ane a yo te fè nan ekip k ap etidye timoun nan sistèm Entèvansyon Bonè/ki fèt Atan (EI), ki se responsab pou timoun apati de nesans rive nan laj twa zan. Timoun lan sòti nan sistèm EI a nan laj twa zan. Si yo kalifye/klase kòm yon timoun lekòl matènèl ki gen yon andikap, yo dwe kòmanse preskolè ak yon pwogram edikasyon endividyalize (IEP).

Orange School District Code of Student Conduct

Seksyon IV –Karaktè Pwogram Edikasyon

Orange High School (Lise Oranj)

Orange Preparatory Academy

Sipò Kondwit Pozitif nan Lekòl yo

Career Innovation Academy of Orange (CIAO)

Gwo Imaj

Heywood Avenue School

Atitud Pozitif la bay bon Rezilta

Forest Avenue School

Karaktè gen anpil Valè

Rosa Parks Central Community School

Bon Timoun Ki Gen Karaktè

Oakwood Avenue School

Cleveland Avenue School

Park Avenue School

“Ranpli Bokit”

Lincoln Avenue School

Sis Pilye

Orange Early Childhood Center

PBS

Orange School District Code of Student Conduct

Seksyon V – Pwosedi Disiplinè

Pwosedi Disiplinè:

Lè gen ase prèv ke move konpòtman yon elèv se yon twoub oswa tout sa ki menase anviwònman lekòl la sou kesyon sekirite ak disiplin, administratè a rezève dwa pou l pran aksyon disiplinè imeda.

Konsekans sila yo kapab rekòmande:

- **Konferans avèk Pwofesè:** Pwofesè a ap rankontre avèk elèv la ansanm ak paran l pou ka diskite ki estrateji ke yo bral itilize pou ede l amelyore kondwit li.
- **Akò Pwofesè-Elèv:** Gen youn ki devlope ant elèv la ak pwofesè a.
- **Detansyon Pwofesè:** Yon detansyon pwofesè fèt kote yo retni elèv la, swa anvan oubyen apre lekòl pou l kapab reflechi sou move konpòtman li.
- **Detansyon ke Administratè a Bay –** Lifèt nan yon gwo espas espesifik nan zòn pou detansyon nan lekòl la. Se sèlman yon administratè ki kapab bay detansyon sa a. Pandan detansyon sa a, elèv yo travay tou dousman, epi yo dwe konplete travay lekòl yo. Paran yo ap resevwa enfòmasyon sou detansyon apre lekòl la.
- **Sèvis Kominotè –** Yo kapab bay yon elèv chans pou l travay nan lekòl la oswa sou lakou lekòl la ki kapab sèvi kòm sèvis kominotè pou lekòl la. Pwogram sa a bay elèv la espryans sou sa sèvis kominotè vle di.
- **Pèt Privilèj:** Yon elèv pa pèdi dwa l pou patisipe nan pwomnad oswa aktivite ekstra ki andeyò pwogram lekòl la.
- **Sispansyon –** Sèlman yon sèl administratè ka sispan yon elèv. Lè yo sispan yon elèv, y ap notifye paran ke yo te mete l sou sispansyon ak rezon ki fè yo li sou sispansyon an. Ya va mande yon konferans anvan elèv la retounen lekòl la. Nenpòt elèv ki resevwa yon nòt sispansyon, li pral eskli nan tout aktivite ekstra andeyò lekòl la ak nenpòt evènman ki patwone pou dire sispansyon an. Yo pa pèmèt ke yon elèv ki sou sispansyon trouve l sou pwopriyete lekòl la. Yo espere ke elèv la konplete tout devwa pwofesè li yo.

Seksyon V – Pwosedi Disiplinè (kontinye)

Pwosedi Disciplinè

- **Sispansyon andan Lekòl la:** Li fè referans a yon esklizyon pou yon ti tan pou elèv la pa vin nan klas regilye. Elèv la dwe rapòte nan Direksyon Lekòl la nan jou a (yo) li asiyen (ISS) a (yo) epi y ap kenbe l nan nan yon chanm ki lwen klas anviwònman nòmal lekòl la pou rezon disiplinè.
- **Sispansyon andeyò lekòl la:** Li fè referans a yon esklizyon pou yon ti tan pou elèv la pa vin nan klas regilye. Yo eskli elèv la lekòl la pou nenpòt move kondwit ki pa apropriye/ki repete anpil fwa.

Tou depan de enfraksonan, sispansyon an kapab bay pou yonn a dis jou. Nan tout ka, elèv la pap ka re-admèt lekòl la san konferans paran ak yon administratè. Tout siapansyon plis pase twa (3) jou fèt pou jwenn apwobasyon Sipètentandan an.

- **Ekspilsyon** – Depatman Edikasyon an rekonèt ke ekspilsyon nan distri sa a se sanksyon ki pi sevè ki ka enpoze sou yon elèv. Pou rezon ki nan règleman sa a, "ekspilsyon" vle di Komisyon Konsèy la sispann sèvis edikasyon yo oswa sispann peman pou sèvis edikatif pou edikasyon regilye yon elèv jeneral nan lekòl la dapre NJS 18a: 37-2
- **Notifikasyon Lapolis** – Vyolasyon grav nan Kòd Kondwit Elèv la kapab yon rezulta nan règleman notifikasyon an tankou jan Memorandòm Akò a mande li a. Yo dwe fè Sipètentandan an konnen imedyatman nenpòt zak serye ki mande entèvansyon lapolis.

Orange School District Code of Student Conduct

VI- Prezans

Depatman Edikasyon an egzije elèv ki enskri nan lekòl kinan distri a pou yo vin lekòl regilyèman dapre akò ak lwa Eta New Jersey. Pwogram edikasyonèl ke Lekòl Distri Oranj ofri a, li baze sou prezans elèv la epi 1 egzije kontinwite ansèyman ak patisipasyon yo nan salklas yo. Objektif prensipal la, se kontak regilye elèv yo youn ak lòt nan salklas la ak patisipasyon yo nan yon aktivite edikatif ki byen planifye anba titèl yon pwofesè konpetan.

Lwa leta NJ a egzije ke nou dokimante tout jou yon elèv absan lekòl la. Tankou, lekòl la ap kontwole prezans elèv yo ak lè yo arive pandan tout ane a. **Elèv ki rate 18 jou oswa plis nan lekòl, motive oswa san motif, yo pral make kòm "absan kwonik"** dapre lwa Eta New Jersey a.

Prezans nan lekòl yo kapab ekskize kèk absans dapre kritè Depatman Edikasyon an mete sou pye. Tout absans pou lòt rezon ki pa ekskize pap jwenn ekskiz.

Absans Ekskize Rekomande pou Lekòl Piblik Oranj:

- A. Elèv ki malad (plis pase 3 jou dwe prezante nòt doktè)
- B. Maladi Fanmi oswa lanmò
- C. Opòtinite Edikasyonèl
- D. Eskiz kwayans reliye yo, konfòmeman ak NJS 18a :36-14 a 16
- E. Kote sa apwopriye, lè sa konsistan avèk IEP (vaksen aranjman)
- F. Sispansyon nan lekòl
- G. Yo egzije prezans elèv yo nan tribinal. (Papye Tribinal la dwe prezante)
- H. Rändevou mèdikal ak dantè ki nesesè yo ak inevitab ke yo pa kapab pwograme nenpòt ki lòt lè.
- I. Mennen Pitit ou nan JouTravay
- J. Yon rezon ki pa nan lis piwo a, men ke Direktè a ekskize sou yon demann alekri ke yon paran oswa yon responsab legal elèv la fè.

Lekòl yo dwe kontwole absans ki ekskize yo atantivman pou yo pa itilize yo twòp, lè yo dwe egzije dokiman nesesè yo.

Dapre Règleman Depatman Edikasyon Oranj ak Règleman No 5200 ak NJAC 6A: 16-7.6, "Direktè yo oswa reprezantan yo va fè yon rekòmandasyon obligatwa pwogram lan nan tribinal ki egzije Biwo Administratif Tribinal yo nan New Jersey".

VI- Prezans – (kontinye)

Absans ki pa ekskize:

Si yon jou gen yon absans /reta ki anrejistre kòm « ekskize » pou yon lòt rezon ki pa mansyone piwo a, jou absans/reta sa a kòm ap make « manke jou » epi li pral anrejistre nan dosye pèmanan elèv la. Tanpri sonje byen ke vakans fanmi ak lòt aktivite ki pa edikatif pa enkli nan lis "Ekskiz" ki mansyone piwo a. Yo konsidere yo kòm absans "ki pa ekskize", e yo ta dwe planifye yo nan lòt lè ki pa entèfere ak prezans nan lekòl la. Paran / Gadyen dwe asime tout responsabilite pou tout devwa akademik ki rate yo. Pwofesè yo pa pral bay travay an avans pou sa, sepandan pwofesè yo kapab bay travay lè elèv la tounen pou ratrapaj absans lan.

Anplis de sa, an akò avèk **Lwa NJ Anote (NJSA) 18 A and Kòd Administratif NJ (NJAC) 6A**, sa ki vin an apre yo pral swiv direktiv lè absans yo make " pa ekskize."

- Pou jiska 3 absans san motif kimilatif , lekòl la ap nennen yon ankèt ki gen ladan kontak ak paran elèv la pou detèmine kòz absans yo; epi yap devlope yon plan aksyon nesesè.
- notifikasyon paran yo pap vin efektif pazavan apre 3yèm , 6yèm, 9yèm absans.
- Pou ant 5 ak 9 absans kimilatif san motif , lekòl la ap fè yon swivi ankèt ki gen ladan kontak ak paran yo , y ap evalye ak revize plan aksyon piw a ki enkli referans , konsiltasyon oswa evalyasyon , epi yo pral kolabore avèk ak fè respekte lalwa ranfòsman yo ak lòt otorite ak ajans yo;
- Pou 10 absans kimilatif san motif oswa plis, elèv la absan lekòl la san pèmisyon. Pou elèv ki gen laj obligatwa pou antre lekòl , distri lekòl la ap fè referans a pwogram tribunal la jan Biwo Tribunal administratif yo egzije l. Lekòl la ap fè vizit lakay ou, pale ak paran yo, kolabore avèk Lapolis ak lòt otorite e ajans yo, epi yo pral pwosede konfòmeman a NJSA 18 A , Prezans irezistib nan Lekòl , ak lòt lòd aplikab nesesè ke Leta ak Federal egzije.

Absans San Rezon: Paran / Gadyen dwe bay lekòl la yon rezon pou absans yon timoun. Si timoun lan pa vin nan lekòl la epi Direksyon lekòl la pa te resevwa notifikasyon nan men Paran / Gadyen sou rezon ki fè sa, yo dwe konsidere absans sa a kòm "san rezon" epi yo pral make l kòm "pa ekskize" nan dosye pèmanan timoun nan ak aplike gid direktif ki mansyone yo ki anwo yo. Nan ka yon absans ki "pa notifye", lekòl la pral fè yon efò rezonab pou kontakte Paran timoun lan pou detèmine rezon ki fè timoun lan absan an anvan lòt jou a kòmanse.

Absans nan Peryòd Tès yo: Si yon elèv genyen yon absans ki tonbe sou peryòd yo fè tès distri a oswa nan Peryòd Tès Ofisyèl (Estanda) Eta a kòm yo pibliye l sou kalandriye Distri a, li pral sèlman posib pou li ratrape egzamen an nan moman ratrapaj ki swiv peryòd egzamen an. Sa a gen egzamen final ane a ak tès matematik nan tout nivo ki gen ladan moun ki detèmine plasman, epi akselerasyon.

Orange School District Code of Student Conduct

Rapòte Absans: Se se responsablite Paran/Gadyen an pou yo rele lekòl la lè yon timoun pral absan.

VI- Prezans – (kontinye)

Absans Kwonik: Yon elèv ki absan lekòl plis pase 10% (dis) nan ane lekòl la konsidere kòm absan kwonik.

Rapò Reta: Si yon elèv pral an reta lekòl la, Paran yo dwe eskòte elèv la nan Direksyon lekòl la epi bay anplwaye Direksyon yo rezon ki fè reta a. Paran yo dwe siyen ak make lè elèv la rive nan Direksyon an oswa nan biwo resepsyonis lan.

Rapò sou Soti Bonè: Nou pa ankouraje ditou lide vin pran timoun yo bonè anvan lekòl lage; sepandan, nou reyalize gen kèk fwa sa kapab rive. Tanpri voye yon nòt an avans pou alète ke w ap bezwen vin pran ptit ou a byen bonè soti nan lekòl la. Paran an dwe vini nan Direksyon prensipal lekòl pou l siyen lè elèv la sòti a. Nan ka ke se yon moun aje, men Paran elèv la ta vin pran timoun lan, non moun sa a dwe make sou kat ijans la, epi dwe prezante yon idantifikasyon (ID) valab oswa lisans kondwi li.

Re-admisyon apre Absans: Yo egzije yon nòt doktè pou eksplike tout absans plis pase twa jou ki pat kominike an avans. Enfimyè lekòl la dwe resevwa yon nòt eksplikasyon doktè alekri si elèv la te absan akòz yon maladi kontajye pou nenpòt longè tan. Sa va sèvi kòm prèv ki montre ke elèv la pwoteje epi li pa kapab transmèt maladi kontajye.

Seksyon VII—Akò Memorandòm/Pwosedi Ekitab

Akò Memorandòm:

Nan New Jersey, sa a se yon Memorandòm inifòm nan Akò (MOA) Ant lekòl yo ki nan distri a ak otorite k ap fè respekte lalwa (Lapolis). MOA a, ki jwenn apwobasyon nan men Depatman Legal ak Sekirite Piblik NJ epi Depatman Edikasyon NJ, li dokimante angajman ki fèt pou lekòl yo ak ajans ki fè respekte lalwa yo nan travay ansanm kòm patnè egal pou ranfòse lalwa sou lakou lekòl la. MOA bay detay sou ki jan lekòl yo rapòte ensidan ki gen rapò sisplèk alkòl oswa dwòg, zam, abi sou timoun, brimad, arasman, entimidasyon ak zak anmede timoun (bullying), oswa pwoblèm lekòl ki konpwomèt sekirite lekòl la oswa sekirite zòn lan. Administratè lekòl yo sèvi ak MOA pou detèmine ki kalite aksyon yo te antreprann lè yo te fè fas ak zafè ki monte nan nivo sa a.

Pwosedi Ekitab

Paran ak elèv yo gen detay dwa pwosedi ekitab la kòmsadwa dapre Katòzyèm Amannman an ki gen rapò ak disiplin ki enplike nan posiblite pou penalite ak konsekans ki grav: tankou sispansyon oswa ekspilsyon.

Orange School District Code of Student Conduct

SEKSYON VIII – ENFRAKSYON DISPLINÈ AVÈK KONSEKANS (KLAS K-4)

Fòmasyon konpòtman sosyal apwopriye se yon eleman entegral nan travay Distri a. Sepandan, li kapab yon bagay esansyèl pou nou toujou adrese move konpòtman yo.

Mezi Korektif:

Lè yon konpòtman inakseptab parèt, lè sa a, li nesesè pou pran Mezi Korektif atravè yon seri de pwosedi ke tout moun kapab konprann trè byen.

Pinisyon ki imilyan oswa avilisan yo pa dwe itilize yo.

Pinisyon yo pral an pwopòsyon avèk enfraksyon yo epi y ap mennen ankèt sou konpòtman (kondwit) inakseptab yo anvan yo determine aksyon an.

Konsekans:

Konsekans pran yon fòm varye. Si sa posib, bi a sè ke timoun lan ta dwe pran angajman pou amelyore kondwit li. Li enpòtan pou timoun lan prezante ekskiz. Pwofesè yo ta dwe gen yon dokiman kote yo anrejisre konpòtman inaseptab yo.

Konsekans yo gen ladan yo:

1. Reprimand vèbal
2. Bay elèv la lòt plas
3. Kontakte Paran
 - Direktè lekòl la oswa Asistan an va aplike estrateji apwpriye ki kapab amelyore epi kontwole konpòtman elèv la epi kenbe Paran yo Enfòme. Estrateji yo ka gen ladan yo:
 - Retire privilèj tankou patisipasyon nan pwomnad ki pa edikatif oswa espò.
 - Mete elèv la sou yon plan konpòtman chak jou, kote yo pral ekri sou konpòtman yo.
 - Developman nan 'kontra elèv' la ant etidyan, paran an ak tout sa ki alien ak 'Kòd Kondwit Elèv la' nan lekòl la.
 - Si konpòtman an pa amelyore, sa vle di 'kontra elèv' la kase oswa yon deli grav rive, enben y ap voye elèv bay Komite Entèvansyon ak Referans.

Mezi Korektif Adisyonèl yo gen ladan yo:

Detantion:

Elèv la ap otomatikman retni nan moman rekreyasyon oswa apre lekòl pou rezon sa a:

- Dezobeyisans konstan
- Blese lòt moun/vyolans fizik
- Kondwit endisipline
- Move langaj, ki gen ladan referans sou ras, sèks, gwosè oswa andikap
- Bay granmoun repons nan fason ki pa apwopriye

Sispansyon andan lekòl (wè paj 14, paragraph 1)

Sispansyon andeyò lekòl (è paj 14, paragraph 2)

Notifikasyon Lapolis/Ekspilsyon (wè paj 14, paragraph 4)

Orange School District Code of Student Conduct

SEKSYON VIII- ENFRAKSYON DISIPLINÈ AVÈK KONSEKANS (KLAS 5- 12)

ENFRAKSYON	KONSEKANS
Itilizasyon aseptab vyolasyon règleman – itilizasyo imoral sou teknoloji distri a.	Konferans avèk Direktè lekòl la Detansyon Pèt prilèj teknoloji ISS/OSS
Abi Alkòl/Sibstans – posede, itilize, vann oswa distribye nenpòt ki sibstans sou pwopriyete lekòl la, transpòtasyon, aktivite patwone nan lekòl la.	Selon règleman <ul style="list-style-type: none"> • Konferans Paran avèk Direktè a • Entèvansyon S.A.C/Tès Obligatwa • ISS/OSS
Prezans: <ul style="list-style-type: none"> ▪ Vagabondaj ▪ Fè woul ▪ Anreta nan lekòl ▪ Kite klas san pèmisyón 	Detansyon Konferans paran ISS/OSS
Mete dife – sa ki lakòz yon dife oubyen eksplozyon nan / sou lakou lekòl la nan mete lòt moun an danje oswa domaje/detwi pwopriyete yo.	OSS Notifikasyon Lapolis/ Depatman Ponpye Odyans Komite Depatman Edikasyon an Pwogram mete dife
Menas Bonm/Enfraksyon – Kreye oswa ede nan kreye yon bonm oswa yon menas bonm yo nan lekòl la (pa mwayen telefòn, imèl, oswa lòt mwayen)	OSS Notifikasyon Lapolis Odyans Komite Depatman Edikasyon an
Kondwit Dezòdone – Nenpòt zak oswa konpòtman ki deranje lòd kondwit nan fonksyon lekòl la, anviwònman aprantisaj, poze yon menas sou sante, sekirite ak / oswa byennèt elèv yo, manm pèsonèl la oswa lòt moun.	Notifikasyon Paran Detansyon ISS/OSS
Vyolasyon Kòd Abiman – Nan bi pou ankouraje yon anviwònman aprantisaj serye, yo entèdi rad kap distrè moun, ki chokan oswa inapwopriye.	Chanje rad Detansyon Konferans Paran
Ekstòsyon - Lè w ap pran oswa eseye pran pwopriyete oswa lajan yon lòt moun pa fòs kouraj oswa entimidasyon	Notifikasyon Paran Detansyon ISS/OSS Notifikasyon Lapolis
Batay – Angajman nan yon konfwontasyon fizik ki ka rezulta nan blesi kòporèl.	Notifikasyon Paran Detansyon ISS/OSS
Falsifikasyon/Fo Dokiman – Chanjman ki fèt nan nenpòt ki kalite materyèl lekòl la, egzanp pasaj, nòt, klas, elatriye.	Notifikasyon Paran Detansyon ISS/OSS

Orange School District Code of Student Conduct

<p>Plajya – Yo defini l kòm vòlè oswa itilize san rekonesans nan lide, mo, fòmil, materyèl tektyèl, sèvis liy entènèt, pwogram òdinatè, elatriye yon lòt moun, oswa nan nenpòt fason w prezante travay yon lòt moun kòm pwòp travay ou- Kopye sa moun kreye.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Reprimand • Pa Pase Klas • Pran Kredi nan travay ki tache ak malonètete akademik • Direktè kapab aplike yon disiplin pi sevè. Reprimand
<p>Jwèt Aza – parye nan lajan oswa yon bagay ki gen valè materyèl ak entansyon prensipal pou genyen plis lajan oswa byen materyèl.</p>	<p>OSS Notifikasyon Lapolis Odyans Komite Depatman Edikasyon an</p>
ENFRAKSYON	KONSEKANS
<p>Arasman, Entimidasyon, Anmède Timoun (Bullying) (HIB)– Nenpòt jès oswa alekri, zak vèbal oswa fizik ke yo sispek ki motive sou ras, koulè, reliyon, zansèt, orijin nasyonal, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl ak ekspresyon, oswa yon andikap mantal, fizik oswa nan sans oubyen nenpòt ki lòt karakteristik distensyon ki fèt sou lakou lekòl la, nan nenpòt lekòl patwone k ap fonksyon oswa pandan y ap vwayaje nan otobis lekòl la.</p>	<p>Y ap mennen yon ankè rapid sou ensidan HIB swivan kalandriye yo defini ak aderans avèk pwosedi ki tabli nan Règleman HIB Distri a. Konsekans yo ap varye dapre tip konpòtman an, devlopman laj elèv la ak istwa konpòtman elèv la ak move konpòtman li. Konsekans yo ka gen ladan yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Revize Règleman Distri a ▪ Notifikasyon Paran ▪ Referans bay Konseye Pedagojik ▪ Avètisman ▪ Retire elèv la tanporèman nan klas la ▪ Pèt privilej ▪ Referans bay espesyalis entimidasyon/Kont Anmèdan ▪ Detansyon ▪ ISS oswa OSS ▪ Entèdiksyon pou patisipe nan pwogram ▪ Restriksyon pou pa vin sou lakou lekòl la ▪ Notifikasyon Lapolis ▪ Ekspilsyon
	<p>Yon ensidan HIB egzije yon aksyon pou jwenn yon solisyon pou korije pwoblèm konpòtman an pou ka anpèche ke sa vin pi mal. Pami mezi ke yo ka pran se yo restitisyon pèsonèl, yon plan pou konpòtman, konsèy, sèvis lekòl la oswa sèvis kominotè oswa enstriksyon ratrapaj/pou koreksyon.</p>
<p>Ensibòdinasyon/Kopòtman dechennen Repons negatif oswa inapwopriye sou demann rezonab ki fè pa manm pèsonèl la.</p>	<p>Notifikasyon Paran Detansyon ISS/OSS</p>
<p>Abandone Lakou Lekòl la – kite lakou lekòl la san pèmisyon.</p>	<p>Notifikasyon Paran Detansyon ISS/OSS Kontakte Polis Lokal</p>

Orange School District Code of Student Conduct

Atak Fizik sou Manm Pèsonèl la–Kontak fizik kont pèsonèl lekòl la oswa ki fè oubyen gen potansyèl ki lakkòz domaj fizik.	OSS/ISS Notifye Sipètentandan Notifye Lapolis Komite Depatman Edikasyon/Odyans Ekspilsyon
Betiz/Langaj Inapwopriye – izaj mo betize, vye jès, di betiz, fè vye kòmantè, oubyen alekri oswa vèbal.	Notifikasyon Paran Detansyon ISS/OSS
Arasman Seksyèl – Nenpòt avans seksyèl oswa sijesyon, mande pou favè seksyèl, ak atak vèbal oswa fizik nan domèn seksyèl.	OSS/ISS Notifye Sipètentandan Notifye Lapolis Komite Depatman Edikasyon/Odyans Ekspilsyon
ENFRAKSYON	KONSEKANS
Vòl-Retire, kache, oswa pran posesyon pwopriyte lòt moun ki pa pou ou.	Notifikasyon Paran OSS/ISS Referans bay yon Konseye Pedagojik Notifikasyon Sipètentandan Notifikasyon Lapolis Odyans Komite Depatman Edikasyon an
Menas sou Manm Pèsonèl la- Aksyon ki lakkòz manm pèsonèl la gen enkyetid pou sekirite tèt pa yo, pwopriyete yo oswa fanmi yo.	Notifikasyon Paran OSS/ISS Referans bay yon Konseye Pedagojik Notifikasyon Sipètentandan Notifikasyon Lapolis Odyans Komite Depatman Edikasyon an
Menas sou Elèv yo- Aksyon ki lakkòz manm pèsonèl la gen enkyetid pou sekirite tèt pa yo, pwopriyete yo oswa fanmi yo.	Notifikasyon Paran OSS/ISS Referans bay yon Konseye Pedagojik Notifikasyon Sipètentandan Notifikasyon Lapolis Odyans Komite Depatman Edikasyon an
Zak Kraze Brize/Domaj sou Pwopriyete Lekòl la - domaj oubyen fè espre nan demantibile pwopriyete lekòl la oubyen pwopriyete nenpòt lòt moun.	Notifikasyon Paran Detansyon Sèvis Kominotè Restitisyon ISS/OSS Notifikasyon Lapolis
Zam ak Enstriman Danje - posesyon kriminèl zam oswa transmèt nenpòt ki kalite zam sou pwopriyete lekòl la.	Notifikasyon Paran Notifikasyon Sipètentandan Notifikasyon Lapolis Odyans Komite Depatman Edikasyon an

Orange School District Code of Student Conduct

Remak:

- Tout sispansyon elèv yo ki depase twa (3) jou yo dwe jwenn apwobasyon Sipètentandan an oswa Asistan Sipètentandan lekòl yo.
- Dire
 - Sispansyon a koutèm – 1-3 jou, Sispansyon andeyò lekòl la
 - Sispansyon a lontèm- jiska 10 dis jou, Sispansyon andeyò lekòl la
- Elèv ki gen Endikap
 - Sispansyon ki ale jiska 10 jou pou ane a dwe abouti sou manifestasyon detèmine pou yon reyinyon ki dirije pa Ekip Etid Timoun yo.

Orange School District Code of Student Conduct

FÒM AKÒ ANT PARAN AK ELÈV KÒD KONDWIT DISTRI A

Nou te li epi konprann trè byen Kòd Kondwit la, epi nou konnen ke nou dwe siyen e retounen fòm sa a imedyatman bay pwofesè prensipal la pou ke li ka mete l nan dosye kimilatif elèv la.

Dat: _____

Paran/Gadyen Ekri Non an Lèt Detache _____

Paran/Gadyen Siyati _____

Elèv Ekri Non an Lèt Detache _____

Elèv Siyati _____

Klas: _____

Klas Prensipal: _____

